ISSN: 2181-3906 2025

International scientific journal «MODERN SCIENCE AND RESEARCH»

VOLUME 4 / ISSUE 3 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# X.DÁWLETNAZAROVTIŃ "SHÓLIRKEW" POEZIYALIQ TOPLAMINA KÓRKEM ESTETIKALIQ TALQI

**Jumabaeva Gúlayım Erkinbay qızı**

Qaraqalpaq mámlektlik universiteti, magistrant.

https://doi.org/10.5281/zenodo.15063658

***Annotaciya.*** *Maqalada Xalila Dáwletnazarovtıń poeziyalıq toplam dúziw sheberligi, toplamǵa engizilgen lirikalıq hám poeziyalıq shıǵarmalardıń jańalanǵan obrazlı tábiyatı, mazmunlıq hám formalıq ózgesheliginiń eń jetik kórinislerin kóriwimizge boladı.*

***Tayanısh sózler.*** *poeziyalıq toplam; lirikalıq qaharman; muhabbat qosıqları, táriyp qosıqları, poema; tórtlikler.*

# ARTISTIC AESTHETIC ANALYSIS OF THE POETRY COLLECTION "SHOLIRKEW" BY KH. DAVLETNAZAROV

***Abstract.*** *The article allows us to see the skill of compiling a poetry collection by Khalila Davletnazarov, the updated and figurative nature of the lyrical and poetic works included in the collection, the most mature manifestations of the difference between content and form.*

***Keywords.*** *poetry collection; lyrical hero; love poems, poetic poem, poem; quatrains.*

# К СБОРНИКУ СТИХОВ " "ШӨЛИРКЕУ"" Х. ДАВЛЕТНАЗАРОВА ХУДОЖЕСТВЕННО-ЭСТЕТИЧЕСКИЙ АНАЛИЗ

***Аннотация.*** *В статье рассматривается мастерство Халилы Давлетназарова в составлении поэтического сборника, обновленный и образный характер лирических и поэтических произведений, вошедших в сборник, наиболее зрелые проявления разницы между содержанием и формой.*

***Ключевые слова.*** *сборник стихов; лирический герой; любовные стихи, любовные песни, поэмы; четверки.*

---

**Kirisiw.** Qaraqalpaq poeziyasında sóz saplaw ónerine iye, muhabbat qosıqlarınıń jırshısı, Qaraqalpaqstan xalıq shayırı X.Dáwletnazarov lirikası óziniń kórkemligi menen ajıralıp turadı.

Biz jumısımız barısında shayırdıń toplam dúziw sheberligi menen jaqınnan tanısıp ótiwdi aldımızǵa maqset qıldıq. Bul ushın biz shayırdıń "Shólirkew" (2023) poeziyalıq toplamın tańladıq.

**Tiykarǵı bólim.** Biz bul toplamdı saylawımızdıń sebebi shayırdıń sońǵı jıllarda jazılǵan qosıqları hám poemaları usı toplamǵa kiritilgen. Toplamǵa 264 lirikalıq qosıq hám 3 poema enziligen.

Toplamdağı shıǵarmalar xronologiyalıq tártipte jayǵastırılǵan bolıp 2011-2022-jıllar aralıǵında jazılǵan shıǵarmalar kiritilgen. Toplamǵa atama beriwde oǵan engizilgen bir shıǵarma ataması menen toplamǵa atama beriw dástúrge aynalǵan. Bunday pikir bildiriwimizdiń sebebi M.Seytniyazovtıń "Bir gápim bar" (1987), K.Raxmanovtıń "Tań ashıǵı" (1978), G.Esemuratovtıń "Alaqanımdaǵı sızıqlar" (1981), K.Karimovtıń "Meniń terezelerim" (1985), X.Dáwletnazarovtıń "Xat" (1980), "Sen jaqsı qızsań" (1988), "Ashıq bolmaǵan kim bar", "Álwidaǵ muhabbat, álwidaǵ" (1993), "Xosh qal jaslıǵım" (1993), "Dos bolıw hámmeniń qolınan kelmes"(1994), M.Jumanazarovanıń "Elim dep eńiremese" (1992), B.Genjemuratovtıń "Saratan" (1989) hám taǵı basqa da kitaplardı kirgiziwge boladı. X.Dáwletnazarovtıń járiyalanǵan toplamlarınıń bárshesiniń ataması toplamǵa engizilgen bir shıǵarma atı menen atalǵanın kóriwimizge boladı. Filologiya ilimleri doktorı, professor Q.Orazımbetov bul túrdegi toplamlarǵa tómendegishe óz pikirin bildirip ótken. "Bul toplamlar avtor tárepinen baspaǵa tayarlanǵanda asıǵıslıqqa jol qoyılǵanıń, avtordıń óz shıǵarmalar toplamına dóretiwshilik penen qatnas jasamaǵanlıǵın ańlatadı. Al, ayırım jaǵdaylarda bunday atamalardıń da sátli shıqqanlıǵınıń gúwası bolamız [1,294]. Bizińshe X.Dáwletnazarovtıń "Shólirkew" poeziyalıq toplamınıń ataması da sátli shıqqan degen pikirdemiz. Bunıń sebebi toplamnıń ataması oqıwshılar jámáátinde qızıǵıwshılıq oyatadı. Ne ushın ataması "Shólirkew" ekenligin bilgisi keledi.

Toplamdaǵı "Shólirkew " qosıǵında tómendegishe qatarlar bar.

Shayırlardıń shólirkep,
Ótiwi bar miyrimge.
Tartıwı bar táńdirdiń,
Dárt atalmısh iyrimge.

Bunda ara túsealmas,
Húkimdar da, piyrıń de.
Azap onıń turısı,
Súygiń kelmes, súygiń de.

Sáwgi perishteleri,
Únder eki iynińde.
Qalay ashıq bolmassań,
Muhabbatdek-shiyringe!

Bul qatarlar arqalı insanlar hár qashan muhabbat, miyrimge shólirkep jasawı, heshqashan súyiw, jaqsı kóriw sezimlerine toymawı, ayralıq dárti insan qálbin muhabbattan suwıta almawın, hesh qanday kúsh bul gozzal sezimlerge ara túse almawı, ómirde ashıq bolıp jasaw kerek ekenligin túsindirip tur.

Bunnan kórinip turǵanınday avtor toplam ataması arqalı oqıwshılar toparına shiyrin muhabat sezimlerine shólirkep jasaw menen ómirimiz gozzal ekenligin esletpekshi bolǵanday seziledi.

Tolpamda muhabbat, watan, filosofiyalıq qosıqları kóp, bul qosıqlarda lirikalıq qaharmannıń keypi hár túrli ekenligin sezemiz.

“Júregimnen ket pe sen ket pe!..”, “Seniń júregińe tabalmadım jol”, “Úziliw”, “Eh, saǵınısh.. eh, saǵınısh..”, “Kútiw”, “Saǵınıw”, “Eń bolmasa túsime bir ensh” sıyaqlı muhabbat qosıqlarında lirikalıq qaharman túskin keypiyatta. Bul shıǵarmalar pútin bir kólemli shıǵarmanıń bólshekleri sıyaqlı lirikalıq qaharmannıń obrazın tolıqtırıp baradı. Onda jaslıq muhabbatına jete almaǵan ashıq obrazı sáwlelenedi.

Jenshiwiń kem bolsa jáne jensh!
Sen de, men de kewlimiz bir kensh!
Soramaspan basqa hesh nárse,
Eń bolmasa túsime bir ensh!?... [2, 42 ]

Ashıq muhabbatın elege shekem umıtpaǵan, mashıqqa bolǵan súyiw sezimleri kewliniń túbinde, lekin olar real ómirde birge emes muhabbatına jete almaǵan ashıqlar obrazı menen bayanlanıp tur. Ashıq onı túsinde kóriwdi, súygeni túsinde ol menen sóylesiwin qáleydi.

“Seniń júregińe tabalmadım jol” qosıǵında lirikalıq qaharman dáslepki qosıqtaǵı tolǵanıslardı dawam etip, ıshqı azabınan janı ashıp sarsıladı. Biyparıqlıq, push sezimler, úshqınıń ármanlı sezimleriniń júrek bawırın eziwi, yarǵa degen súyiw sezimleriniń juwapsız qalıwı lirikalıq qaharmandı qıynaydı.

Táǵdir maqul kórse usılay júriwge,
Óziń haqqında tek qıyal súriwge....
Muhabbat quyashın alıp kiriwge,
Seniń júregińe tabalmadım jol.

Jar salsam hawazım ulasar kókke,
Jaqsı sóz degende tilim bar tók pe,

Hár qanday diydime jetistim, tek te,
Seniń júregińe tabalmadım jol. [3, 92]

Shayır lirikasında Watan, tuwılǵan jer táriypi, el-jurttı súyiw sıyaqlı patriotlıq sezimler jámlengen qosıqlar ayrıqsha orındı iyeleydi. Shayırdıń el-jurt qosıqlarında patriotlıq sezimleriniń máwij urǵanın sezine otırıp, satqın, qorqaq, tuwılǵan jer qádirin bilmeytin insanlarǵa jek kóriwshilik sezimlerin qosıq qatarlarına túsirgenin kóremiz.

Qaraqalpaqtıń hayalları, kelinleri,
Hár áwládı tilinde: “Elim!, elim”....leri
Qorqınıshlı,
Náletlewge telingeni...
Xalıq qıynalsa quwanǵandı tuwmaǵaysız!

Umtıp bolmas!.....
Xalıqqa eń-eń batatuǵın:
Eli-jurtın dushpanlarǵa satatuǵın,
Batırların arqasınan atatuǵın,
Sorlap qalǵır Shońqılardı tuwmaǵaysız!

Joqarıdaǵı qosıqtıń ataması “Shońqılar” dep atalıp, ol arqalı qorqaqlıq, satqınlıq, jeke basınıń ǵamın oylawshı insan obrazı berilgen. Qaraqalpaq ańızlarınan biliwimizshe qaraqalpaq xalqınıń batırı Ernazar Alakóz óz atqosshısı Shońqınıń qolınan qaza tabadı. Dereklerde ol Ernazar Alakózdiń arqasınan atqan degegn maǵlıwmatlar bar bolıp, avtor usı dereklerden sheber paydalanǵan. Qosıq ideyasında xalqımızdıń “Álp anadan-álp bala tuwıladı” degen naqılın usı ańızlıq qaharman obrazı arqalı shıǵarma qatarlarına jámlegen. Qosıq ataması hám ideyası tabıslı tańlanǵanbolıp “Shońqılar” atamasınıń ózi metanimiya xizmetin atqarıp “qorqaqlar”, “satqınlar” mánisinde qollanǵan.

Jáne de toplamda oqıǵanda oqıwshıda batırlıq, jigerlilik sıyaqlı gozzallıq kategoriyasına tán estetikalıq sezimlerdi sezdiriwshi “Qoblan batırdıń tuwılıw”, “Otan”, “Watan-deytuǵınlar barar kóbeyip”, “Watandı, bárinen joqarı qoydım”, “Qaraqalpaq, qaraqalpaq ”, “Elim! Degen erlerdi kórsem”, “Tuwǵan jer” qosıqlarınıń lirikalıq qaharmanı bir, eli-xalqın, bir qısım topıraǵın kóz qarashıǵınday saqlawshı patriot insan obrazı sáwlelengen.

Toplamǵa engizilgen didaktikalıq mazmundaǵı qosıqlarda jasaw, ómir, ólim, ádep-ikramlılıq, adamgershilik páziyletler, hadallıq, haqlıq, shiyrin sózlik haqqında sóz baradı.

Shayır ómirdiń sulıw, shıraylı keshiwi insanlardıń bir-biri menen qarım-qatnası hám shiyrin sózliginde ekenligin uqtıradı. “Bir sóz benen....” qosıǵında sózdiń qúdireti arqalı ómirdiń quwanıshqa yamasa qayǵı-hásiretke tolıwın antitezalıq usıl arqalı bayanlaydı.

Bir sóz benen jaynap,
Bir sóz benen búldim.
Bir sóz benen jılap,
Bir sóz benen kúldim.

Bir sóz qılǵan biytap,
Bir sóz bolǵan dári.
Gá qatal, gá jumsaq,
Bir sóz benen bári...... (90-b)

Poeziyalıq toplamǵa “Qaharmanlıq”, “Ullı tulǵa yamasa Q.Kamalov bayazı”, “Lada Tolstova”, “Baǵıshlaw”, “Zarapatdiyin”, “Amanbay” sıyaqlı arnaw qosıqları kirgizilgen bolıp, bul lirikalıq shıǵarmalarda lirikalıq subyekt yaǵnıy qosıq arnalıp jazılǵan insanlardıń jetiskenlikleri haqqında táriyp beriledi. “Amanbay” qosıǵın shayır “marsiya” ataması menen ataǵan, qosıq haqıyqatında da joqlaw mazmunında jazılǵan.

Toplamda sonday-aq lirikanıń kishi formalarınıń biri – tórtlikler kirgizilgen bolıp, shayırdıń aldın baspadan shıqqan toplamlarınıń ishinde tek ǵana “Xat” (1980) lirikalıq toplamında eki tórtligi berilgen. Al, “Shólirkew” poeziyalıq toplamında bolsa qırq tórtlik kirgizilgen.

Shayırdıń keyingi jıllardaǵı dóretiwshiliginde tórtlikler kóbirek jazılǵan. Bizińshe, shayırdıń jasınıń bırazǵa barıwı, ómirdiń ashshı-duzshısın tatıp, kóp nárseni úyreniw tájriybesi arqalı dórelgen dep oylaymız. Óytkeni, tórtlik tórt qatar arqalı pútin bir filosofiyalıq mazmundı ózinde jámlewi tiyis esaplanadı.

Otırsa da jası ushına shıǵıp,
Zángilesin tiller taǵıp jaman at.
Ózi de erigip ómir muzınıń,
Ústinde turǵanın bilmes amanat.

Bul tórtlik I.Yusupovtıń tómendegi tórtligininiń mazmunı menen uqsas.

Jurt aqıllı, bárin bilip otırǵan,
Áfandini “sada” desip-aq atır.
Sóyte tura, ózi minip otırǵan,

Shaqanı birazlar kesip-aq atır.

Bul eki tórtliktiń lirikalıq qaharmanı insanlardıń óz ómiri qalıp ózgeler ómirine, turmısına aralasıp, ózine zıyan jetkeriwshi, basqaǵa qazǵan górine óziniń túsetuǵınıń, insan islegen hár bir isine, sózine juwapker ekenligin tórt qatar arqalı uqtırıp tur.

Shayırdıń keyingi tórtlikleri de tereń gumanizmge tolı. Insanlardıń jámiyettegi unamsız isleri, olardıń jaratılısı insan bolǵanı menen oǵan ılayıq emes ekenligi, túrli túske dóniwshi, jaǵımpaz, jalatay insan obrazlarına degen jerkenishlilik sezimleri qosıq qatarlarında ayqın seziledi.

Tórt ayaqlı bolıw kerek ediń sen,
Adam túsine kirip ketkenseń netip?
Bolmas isler bolǵan,
Allataalanıń,-
Orınlawshıları as

I.yusupov dóretiwshiliginde de usı mazmundaǵı epigrammanı gezlestiremiz.

Táǵdir kóp keshigip jarattı seni,
Sóylegende tiliń tósińe túser.
Adamzattıń haslı maymıl ekeni,
Seni kórgen gezde esime túser.

Bul eki shıǵarmanıń forması basqa bolǵanı menen mazmunı bir-birine sabaqlas.

X.Dáwletnazarov tórtliklerinde biz tek ǵana tórt qatardan ibarat shıǵarmalardı emes bes, altı qatarlı tórtliklerdi de ushratamız. Mısalı ushın;

Xalqı tárepinde bolmaǵan adam,
Kimliginen qáttiy ońbaǵan adam!
"Tuwǵan jerim!" diyip sóylemegen til,
Táǵdir tıyıq urıp,
Ilaya, kesil!....

Ya bolmasa,

Kóp bayǵa tiyip,
Kóp hayal alıwdı,
Maqtanısh biledi, maba tutadı.
Boladı ılayıq kandidatura,
Eger, zázúr tapsa "Ginnes kitabı".

Dúnya arbasınıń digirshikleri,
Ne qazǵanaqlarǵa dus keliwleri bar.
Birese shúyelme,
Birese baspa,
Gúpsheklep, iyinlep óter adamlar.

Bul tórtlikler bes qatarǵa jayǵastırıp jazılǵanı menen tórtlik mazmunın berip turıptı.

Bizińshe shayır qosıq qatarlarınıń kórkem emocionallıq tásirshenligin arttırıw ushın olardı bólek-bólek qatarǵa jayǵastırǵan. “Birese shúyelme, birese baspa”, “Kóp bayǵa tiyiw, kóp qatın alıw”, “táǵdir tuyıq urıp, ilaya kesil” qatarları eki qatarǵa jayǵastırılǵanı menen olar bir-biriniń izin dawamlap turǵan gáp mazmunın ańlatıp tur.

Shayırdıń  “Shólirkew” poeziyalıq toplamına “Suw qosıqları”, “Batırlar”, “Aspan-aspan” poemaları járiyalanǵan .

Avtordıń “Suw qosıqları” poeması yaponiyalı alım Masaru Emotonıń “Suwdıń kúshi” atamasındaǵı ilimiy publicistikasınan alınǵan tásir negizinde dórelgen poema bolıp sanaladı. Bul haqqında avtordıń ózi poema basında túsindirme berip ótken. Ádette bunday túsindirmeler poemanıń tolıq mazmunın hám ideyalıq baǵıtın há demey-aq ashıp taslaydı. Biraq ádebiy negiz qılınıp kórsetilgen shıǵarma da, anıq ne haqqında ekenligi oqıwshılarǵa sır, yaǵnıy kópshilik oqıp kórmegenligi anıq. Bul jaǵınan avtor utımlı jol oylap tapqan dewge boladı. Poemada xalqımızdıń suw menen baylanıslı bolǵan ráwiyatların, uǵımların, qádiriyat hám naqıl-maqalların qollanǵan halda, suwdıń qanshelli dárejede adamzat ómirine kerek ekenligin ańlatıwǵa umtılıw bar. Avtordıń tiykarǵı maqseti de suwdıń insannıń ómirindegi ornın, olsız heshqanday tirishilik bolmaytuǵın ańlatpaqshıday bolıp seziledi. Álbette, poemanıń negizinde Aral ekologiyalıq mashqalası turadı.

Búgingi adamzattıń suwǵa, ulıwma tábiyatqa islep atırǵan qatnasınan qorqqan lirikalıq qaharmandı kóriwimizge boladı.

70. Sebebi, suw áwwel, ázelden binyat,
Pútkil tirishilik oǵan júginer.
Dúnya, dúnya bolıp dúnyaǵa kelgen,
Suw barlıq xalıqlardı, tillerdi biler.
71. Hár saqqa bir jorır, gúmilji bári,
Arǵı-tegimizdi dep keldik maymıl.
Biykarlaw dúnyaǵa ketkendey duwa,

Adamnıń shıǵısı ele neǵaybıl.
72. Kókten túsken be ya kógerip jerden,
Qalay payda bolǵan, kim onı tuwǵan?
Inanǵısız biraq tastıyıqlar ilim,
Jaratılǵanlıǵın yaǵnıy, suwdan...

Avtor diniy paradosk penen payda bolǵan túsiniklerdi, suw menen baylanıstırıwǵa umtılǵan. Bilemiz, Nux payǵambar haqqındaǵı hám "Topan suwı" jónindegi ápsanalar bar. Olarda jer eń dáslep suwdan ibarat bolǵanlıǵı hám "Topan suwı"nan keyin tirishilik payda bolǵanlıǵı aytıladı. Bul ilimiy paradoks búgingi kúnde ilimiy argumentaciyaǵa iye bolmasa da, kóp xalıqlarda milliy qádiriyatlar usıǵan bolsa qáliplesken. Avtor X.Dáwletnazarov ta sol ilimiy hám diniy túsiniklerdi óz ideologiyasına biriktirgen halda poemanı dóretken dewge boladı.

Al "Batırlar" poemasında syujet joq. "Suw qosıqları" poemasında da syujetlik baǵıtqa iye emes. "Batırlar" poemasında "Batırlıq" degen estetikalıq kategoriyanıń qalay qoyılatuǵınlıǵın neni batırlıq dep ataytuǵınlıǵımızdı avtor tabıwǵa urınǵan. Batırlıq dep, qural-jaraq kóterip jaw menen alısıw ma ya kúshli sóziń ya tárbiyań menen haqsızlıqqa qarsı shıǵıw ma? Ózi batırlıqtıń mánisi ne? Poemadaǵı lirikalıq qaharman pikirler "sel"in jawdırıp, hárbir shuwmaqta oylanıwǵa, pikir juwırtıwǵa shaqıradı.

Ana qızlarına toqıtar keste,
Búrkit palapanına tas shoqıtar.
Onıń sabaqlıǵı xalıqtıń kóksinde,
Batırlıqqa tuwǵan topıraq oqıtar.
Ushqınlap turmasa sózi shayırdıń,
Qálblerde mártliktiń ashılmas kózi.
Kelinler jerimes eken páklikke,
Batırlıq bar bolmas ózinen-ózi [4, 495 ].

Batırlıq isti qılıw hárkimge emes, batır atı hárkimge de berile bermeydi. Buǵan xalıq óz hadal sheshimin beredi, degen ideya avtordıń maqsetine aylanǵan. Batırlıq úgit-násiyatlaw pafos dárejesine jetip, hátteki sonday qatarlar bolıwı múmkin, oqıwshıda batırlıqtıń dáslepki ushqınları payda bolıwına imkaniyat jaratıp beriwi múmkin. Al "Aspan-aspan" poeması pútkilley basqasha qatnas penen jazılǵanlıǵı seziledi. Bul poemada syujet bar.

Juwmaqlap aytqanda, shayırdıń  kórkem dóretiwshiligi, sóz saplaw óneri óz aldına bir jol.

Onıń hár bir shıǵarmasında joqarı estetikalıq kategoriyalar gozzallıq, batırlıq sıyaqlı sezimler jetekshi ekenligin sezemiz.

**REFERENCES**

1. Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалар топламы еки томлық II Том. Нөкис, «Билим»,2018
2. Дәўлетназаров Ҳ. Шөлиркеў. Нөкис, «AVANGARD BASPA», 2023
3. Дәўлетназаров Ҳ. Шөлиркеў. Нөкис, «AVANGARD BASPA», 2023
4. Sonda